

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil panalungtikan anu dipedar dina bab saméméhna, dina ieu bab diébréhkeun kacindekan saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI Administrasi Perkantoran SMK Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun média gambar kolase henteu nyugemakeun, katitén dina hasil nulis carita pondok siswa loba kénéh anu asup kana kriteria can mampuh nulis carita pondok, siswa anu kaasup kriteria mampuh nulis carita pondok téh aya 3 siswa sedengkeun 31 siswa séjénna dianggap can mampuh nulis carita pondok. Peunteun pangleutikna anu dicangking ku siswa saméméh ngagunakeun média gambar kolase nya éta 50 sedengkeun peunteun panggedéna 79.
- 2) Kamampuh postés nulis carita pondok siswa kelas XI Administrasi Perkantoran SMK Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2013/2014 anu kaasup kriteria mampuh nulis carita pondok téh aya 32 siswa sedengkeun 2 siswa séjénna dianggap can mampuh nulis carita pondok. Peunteun pangleutikna anu dicangking ku siswa saméméh ngagunakeun média gambar kolase nya éta 71 sedengkeun peunteun panggedéna 92.
- 3) Aya bedana anu sigifikan, katitén tina hasil rata-rata pratés jeung postés anu dicanangking nya éta ngaronjat ti 64,14 jadi 84,47 kalawan Beda rata-rata kamampuh pratés-postés nulis carita pondok nya éta 20,32. Sakabeh siswa kalawan jumlah 34 urang (100%) peunteun postésna leuwih gedé tibatan pratésna. Bisa dicindekeun kamampuh nulis carita pondok siswa sabada ngagunakeun média gambar kolase téh ngaronjat.
- 4) Hasil uji hipotésis, kapanggih yén  $t_{itung} > t_{tabel}$ , nya éta  $56,44 > 2,46$  Hartina, hipotésis ditarima dina taraf signifikan 99%. Éta hal ngabuktikeun yén aya béda anu signifikan antara tés awal keung tés ahir nulis carita pondok

siswa kelas XI Administrai Perkantoran SMK Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2013/2014.

### 5.1 Saran

Sabada ngalaksanankeun ieu panalungtikan anu judulna “Média Gambar Kolase pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carita Pondok (Studi kuasi Éksperimen Siswa Kelas XI Administrasi Perkantoran SMK Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)” minangka bagian pamungkas, baris diébréhkeun sababaraha saran saperti di handap ieu.

- 1) Dipiharep gambar kolase bisa dipaké salaku média *alternatif* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina widang nulis.
- 2) Pikeun sakola dipiharep bisa nyadiakeun fasilitas anu hadé hususna pikeun pangajaran basa Sunda sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal.
- 3) Pikeun Guru, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa méré *inspirasi* pikeun ngajieun média pangajaran sangkan pangajaran di jero kelas leuwih *variatif*.
- 4) Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh jeung *inspirasi* pikeun siswa hususna dina pangajaran nulis carita pondok.
- 5) Ieu panalungtikan téh masih jauh ti sampurna, masih loba kasalahan jeung kahengkeranana ku kituna dipiharep aya panalungtik séjén anu nalungtik leuwih jero jeung leuwih lega deui.